Ассаламу гIалайкум!

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№38 (60558) * 2020 с. * 19 октябрь * 3 рабигIул аввал * 1442 с. * итни *

*райадминистрациялда*

## ХIАЛТIУЛАБ САПАРГУН





**12 октябралда нилъер районалде хIалтIулаб сапаргун ячIун йикIана Республикаялъул экономикаялъул ва ЦебетIеялъул министрасул заместитель, общественнияб советалъул нухмалъулей С. ГIабдулкъадирова.**

Сапаралъул аслияб мурад букIана бакIазде щун республикаялъул мугIрузул территориял социалияб-гун экономикияб рахъалъ цебетIезабизе хIалтIизабулеб бугеб проект гьоркьоблъун дандчIваял тIоритIи.

Районалъул администрациялда тIобитIана районалъул бетIерасул заместитель А. Маликов, районалъул ва росабазул администрациябазул жавабиял хIалтIухъаби ракIарараб данделъи. Гьениб С. ГIабдулкъадироваль мухIканго баян гьабуна проекталда рекъон субсидияби кьезе бегьулеблъи: кванил нигIматал ва сокал гьаризе къваригIунеб оборудование босизелъун, дагьал бакIал ккoлел теплицаби росизелъун, продукция цIунулел бакIал разелъун, гIисинал росдал магIишаталъул техника босизелъун.

Гьаниб рехсей гьабичIого гIоларо республикаялъул экономикаялъул ва цебетIеялъул министерствоялъ програмаялда гIахьаллъи гьабизе бокьарал гIадамазе гIарзаби къабул гьарулеб заман халат бахъине гьабун буго 27 октябралде щвезегIан.

Проекталда гIахьаллъи гьабулезул гIарзаби къабул гьарула МФЦялда.

## НАЛОГАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ





**13 октябралда районалъул администрациялда районалъул бетIерасул заместитель М- ГI. ТIагьировас тIобитIана районалда налогал ракIариялда сверухъ бугеб ахIвал – хIал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна экономикаялъул ва муниципалияб боголъиялъул отделалъул нухмалъулев М. Загьировас, налогазул инспекциялъул вакилалъ, росабазул поселениябазул бухгалтерзабаз.**

Аслияб къагIидаялда гьениб гьоркьоб лъун букIана районалда налогал ракIариялъул план тIубаялъул суал.

Росабазул поселениябазул депутатазул Собраниязул хIукмабаздалъун гIадамазда тIад лъолеб буголъиялъул налогазул ставкаби гIодоре рачун руго. Гьелда рекъон хиса – басиял гьаризе ккола росабазул поселениязул бюджеталдаги. Данделъиялда гьединго хал гьабуна законалда рекъон гуреб къагIидаялда гIадамал хIалтIабазда хIалтIи дагь гьабизе ккеялъулги. Гьединал гIадамазул къадар ахираб заманалда загьир гьабуна районалда 46 чиясул. Законалда рекъон гуреб къагIидаялда хIалтIулезул къадар дагь гьабиялъул мурадалда районалда тIоритIулел руго цадахъал хIалтIаби, рейдал.

БакIалъулал самоуправлениязул, налогазул гIуцIабаз гьединал хIалтIаби хадурккунги гьаризе хIисабалде росун руго.

**Суратазда:** Данделъиялда

*к вашему сведению*

## Миграционный пункт ОМВД России по Гергебильскому району информирует!

**Уважаемые жители Гергебильского района!**

Миграционный пункт ОМВД России по Гергебильскому району осуществляет прием граждан по новому адресу: Гергебильский район, с. Гергебиль, ул. Наиба Идриса, дом №5.

С целью сокращения времени ожидания в очереди за оказанием (предоставлением) государственных услуг в сфере миграции, Миграционный пункт ОМВД России по Гергебильскому району осуществляет прием граждан по вопросам оказания (предоставления) государственных услуг в сфере миграции по предварительной записи посредством ЕПГУ, телефонной связи **8(87255) 2-32-36 (8928-567-30-47)**, либо при личном обращении гражданина в подразделение по вопросам миграции.



**Р. МАЛАМАГОМЕДОВ**
**Начальник МП ОМВД РФ по Гергебильскому району.**

*МЧСалъул ва роспотребнадзоралъул хӀалтӀухъабазулгун дандчӀвай*

# ХӀИНКЪИ ГЬЕЧӀОЛЪИЯЛЪУЛ ДАРСАЛ

**Дагъал церегӀан къоязда районалъул жанисел ишазул, МЧСалъул, роспотребнадзоралъул хӀалтӀухъабазул къокъаялъ сапарал рухьине байбихьана районалъул школазде.**

Гьениб цӀалдохъабазда, рачун чӀванкъотӀарал мисалалгун, мухӀканго бичӀчӀизабула цӀа ккараб мехалда гьабизе кколеб щинаб жо, цӀунун букӀине кколеб тадбирги.

Гьединго школазда хал гьабула I – 4 классазул лъималазе кьолеб бухӀилеб ванил качествоялъул. Баянго бицуна терроризмалъул бугеб зарлалалъул хӀакъалъулъ. ТӀоритӀула цӀа ккедал къватӀире рахъине кколеб къагӀидаялъул тартиб цӀунулеб къагӀида бихьизабулел ругъунлъаби.

ЦӀалдохъабазул гӀемерал суалазе кьола чӀван къотӀарал жавабал.

ЦӀалдохъаби, учительзаби, цо – цо лъималазул умумулги цӀакъ разиго хутӀула гьединал дандчӀваяздаса.

**Суратазда:** Школазде сапарал







СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ
МР «ГЕРГЕБИЛЬСКИЙ РАЙОН»

## РЕШЕНИЕ

*08.10.2020г.* *№ 01-35/05*

## Об избрании Председателя Собрания депутатов МР «Гергебильский район»

В соответствии с п.4 ст.35 Федерального закона от 06.10.2003г. № 131 – ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской федерации», п.3 ст.23 Устава муниципального района «Гергебильский район», Регламента Собрания депутатов муниципального района, рассмотрев информацию счетной комиссии, Собрание депутатов МР «Гергебильский район»

**РЕШИЛО:**

1. Утвердить протокол №2 заседания счетной комиссии « О выборах Председателя Собрания депутатов МР «Гергебильский район».
2. По результатам открытого голосования считать избранным Председателем Собрания депутатов МР « Гергебильский район» седьмого созыва депутата Омарова Магомеда Багавудиновича, члена Всероссийской политической партии «Единая Россия», получившего необходимое для избрания число голосов.
3. Решение вступает в силу со дня его принятия.
4. Настоящее решение опубликовать на странице районной газеты « Вперед» и разместить на официальном сайте администрации МР « Гергебильский район».

**Председательствующий
на заседании
Собрания депутатов МР
« Гергебильский район»**

## Развитие горных территорий

Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан реализуется государственная программа Республики Дагестан **«Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан»**, утвержденная постановлением Правительства Республики Дагестан от 18 февраля 2020 года № 21.

На реализацию данной программы в республиканском бюджете РД в текущем году предусмотрено **70 млн. рублей**.

Госпрограмма предусматривает реализацию следующих мероприятий:

- **субсидирование затрат на ПРИОБРЕТЕНИЕ ОБОРУДОВАНИЯ ПО ПРОИЗВОДСТВУ ПИЩЕВОЙ ПРОДУКЦИИ И НАПИТКОВ В ГОРНЫХ ТЕРРИТОРИЯХ РЕСПУБЛИКИ**
- **субсидирование затрат на строительство** МАЛОГАБАРИТНЫХ ТЕПЛИЦ В ГОРНЫХ ТЕРРИТОРИЯХ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
- **субсидирование затрат** НА СОЗДАНИЕ И МОДЕРНИЗАЦИЮ ПРЕДПРИЯТИЙ ПО ПРОИЗВОДСТВУ ПРОМЫШЛЕННОЙ ПРОДУКЦИИ В ГОРНЫХ ТЕРРИТОРИЯХ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
- **субсидирование затрат** НА ПРИОБРЕТЕНИЕ ОБОРУДОВАНИЯ ПО ПРОИЗВОДСТВУ ПИЩЕВОЙ ПРОДУКЦИИ И НАПИТКОВ В ГОРНЫХ ТЕРРИТОРИЯХ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
- **субсидирование затрат** НА СТРОИТЕЛЬСТВО ЛОГИСТИЧЕСКИХ (ОПТОВО-РАСПРЕДЕЛИТЕЛЬНЫХ) ЦЕНТРОВ ХРАНЕНИЯ ПРОДУКЦИИ В ГОРНЫХ ТЕРРИТОРИЯХ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
- **субсидирование** ЗАТРАТ НА ПРОВЕДЕНИЕ НАУЧНО-ИССЛЕДОВАТЕЛЬСКОЙ РАБОТЫ «АНАЛИЗ СОЦИАЛЬНО-ЭКОНОМИЧЕСКОЙ СИТУАЦИИ ГОРНЫХ ТЕРРИТОРИЙ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН И ОПРЕДЕЛЕНИЕ ИХ ЭКОНОМИЧЕСКОГО ПОТЕНЦИАЛА В РАЗРЕЗЕ ОСНОВНЫХ БАЗОВЫХ ЭКОНОМИЧЕСКИХ КОМПЛЕКСОВ»

**Необходимым условием участия** в конкурсном отборе является расположение инвестиционного проекта на высоте более 500 метров над уровнем моря. К таким территориям у нас отнесены более тысячи населенных пунктов 30 муниципальных районов республики.

· **Прием заявок** для получения указанных мер поддержки осуществляется с 12 августа по 27 октября 2020 года.

**Контакты для взаимодействия:**
**+7 (8722) 68-12-24, 8989 – 669 – 96 -55**

· Всю информацию можно найти если перейти по этой ссылке: **http://minec-rd.ru/razvitie-gornykh-territoriy_2**

## Депутаты Собрания депутатов МР «Гергебильский район» седьмого созыва

| | | |
|---|---|---|
| 1. Ахмедов Магомед Абусупянович | - | Аймаки |
| 2. Ахмедов Масхуд Магомедович | - | Курми |
| 3. Гасангусейнов Магомед Ахмедович | - | Аймаки |
| 4. Зайналов Газимагомед Госенович | - | Мурада |
| 5. Зайнудинов Зайнудин Магомедович | - | Кикуни |
| 6. Идрисов Магомед Абдулахатович | - | Гергебиль |
| 7. Кайтмазов Ахмед Даитбегович | - | Могох |
| 8. Курахмаев Гамза Маратович | - | Гергебиль |
| 9. Магомедгаджиев Газимагомед Магомедович | - | Маали |
| 10. Магомедов Али Гамзатович | - | Гергебиль |
| 11. Магомедов Гамзат Магомедхабибович | - | Кудутль |
| 12. Магомедов Гусейн Абдулмеджидович | - | Чалда |
| 13. Магомедов Курамагомед Иманшапиевич | - | Маали |
| 14. Магомедов Омар Асхабалиевич | - | Аймаки |
| 15. Муртазалиев Али Магомедович | - | Кудутль |
| 16. Муртузов Муртазаали Магомедович | - | Могох |
| 17. Омаров Магомед Багавудинович | - | Гергебиль |
| 18. Омаров Шамиль Магомедович | - | Маали |
| 19. Османов Салим Курбанович | - | Кикуни |
| 20. Пахрулисламов Магомед Гусейнович | - | Хвартикуни |
| 21. Раджабова Султанат Рамазановна | - | Мурада |
| 22. Саидов Сапади Идрисович | - | Кикуни |
| 23. Тагиров Магомедамин Магомедович | - | Хвартикуни |
| 24. Тагиров Магомедбашир Магомедович | - | Курми |
| 25. Шахбанов Магомедгаджи Тагирович | - | Чалда |

НЕ ПЛАТИ ЛИШНЕГО!

1 ДЕКАБРЯ – СРОК УПЛАТЫ ИМУЩЕСТВЕННЫХ НАЛОГОВ

СВОЕВРЕМЕННАЯ УПЛАТА НАЛОГОВ – НАДЕЖНАЯ ЗАЩИТА ОТ:

ПЕНИ
РОСТА ДОЛГА
ОГРАНИЧЕНИЯ ПРАВА НА ВЫЕЗД ЗА ПРЕДЕЛЫ РФ
СУДА
АРЕСТА ИМУЩЕСТВА

ОПЛАТИТЬ НАЛОГИ МОЖНО С ПОМОЩЬЮ:

Мобильных сервисов и банков
Электронных сервисов не выходя из дома
«Личный кабинет физического лица» и «Заплати налоги» на сайте www.nalog.ru
Личного визита в отделение банка

УПРАВЛЕНИЕ ФЕДЕРАЛЬНОЙ НАЛОГОВОЙ СЛУЖБЫ ПО РЕСПУБЛИКЕ ДАГЕСТАН

*ГIолохъанал эбелазда лъазе ккола*

# ЛЪИМАДУЛ БЕРАЗУЛ КАНЛЪИ

**ТIоцебеб лъимер гьабизе йигей эбелаз гIемерал пайдаял малъиял цIалула ва гьикъун лъазабула лъимер сахлъи бугеб букIине. Сахлъи бугел ва лага битIараб лъимер букIин аслияб анищ ва мурад букIуна киназулго. Дагьаб цебехун къватIиб араб райгазеталда хъван букIана лъимада щиб ва кин рагIулеб, жакъа бокьун буго лъимада кин ва щиб бихьулеб суалалъе гьитIиналго баянал кьезе.**



Гьабурабго лъимада гIисибикъинго беразда канлъи бихьулин хъвалеб буго гIалимзабаз. ТIобитIарал цIех-рехаз баянлъулеб буго:

- лъимада байбихьуда гьезул беразул бихьи букIунин цоцалъе араб. Лъимада байбихьуда букIунаро бажари сверухъ киналъухъго балагьизе. Лъимаца тIаде-гъоркье, хьибилазде берал речIчIизе гьаризе хIал бихьулаго цо-цо мехалъ ккола гьезул берал батIи-батIиял рахъалде руссарал (гьетIарал) ругилан. Гьединаб балагьи лъимадул букIин хIинкъизе ккараб жо гьечIо. Заманаялдаса лъимадул берал жиндирго бакIалде рачIуна. Микьго анкь ун хадубги лъимадул гьетIун балагьи унеб гьечIони тохтур - офтальмологасухъе бачине ккола бихьизе.

ХIикмалъи, Аллагьасул хIалкIвалъи ккола лъимада байбихьудасанго 30 сантиметраялда гIагарун бугеб жо лъикI бихьулин хъвалеб цIех-рех гьабурал специалистаз, гьеб манзил гIола лъимаде керен кьолей эбелалъул гьумер батIа бахъизе. Цо моцIрода жаниб лъимадул бераз кIудияб цебетIеялъул гали тIамула канлъи бихьиялъулъ.

Гвангъараб рукъоб жанибе лъимер бачингун нилъеда лъала ва бихьула беразул рахIат хвей букIин. Лъимаца гIемерисеб заман балеб рукъ букIине лъикIаб буго канлъи бугеб. Лъимадул кроваталда байбихьудаго ругел-гьечIел кьер-кьерал расанкIаби разе кколаро, байбихьуда лъимада сверухълъи чIегIераб-хъахIаб кьеразда бихьулеб букIиналъ. КIиго моцI бан хадуб лъимаца байбихьула кьерал ратIа рахъизе , байбихьуда багIараб, гIубилаб, багIаргьинаб, 5 моцI байгун гIурччинаб, хъахIилаб ва цогидал кьералги. Ункъго моцI бараб мехалъ лъимал жиндирго кверазде, кьер-кьерал расанкIабазде руссуна. Цоги умумузда лъимер гьабураб мехалъ цояз эбелалда, цогидаз инсул копия бугин абула. Заман анагIан гьел чанго нухалъ хисула. Гьедин хисулеб жо буго лъимадул беразул кьерги. Гьабураб мехалъ хъахIилал, гIурччинал, цIихIилал ругин ккола берал. Гьеб букIуна беразул пигмент меланин гьечIолъиялъ. Заман арабго нилъедаго лъачIого беразул кьер хисун батула. Беразул кьер хисула 6 моцI баралдаса, 10 сон базегIанги букIине бегьулин хъвалеб буго гIалимзабаз.

Беразул балагьи ва бихьиялъул хIалтIи лъимадул унеб букIуна 4 сон базегIан. Гьеб мехалда гьезда бихьула чIахIиязда гIадин.

*ЦIа ккеялдаса цIуни гьабе!*

# РОХЬАЗУЛ ЦIАЯЛ ВА ЗАКОН

**Шибаб соналъ хасало гIурччинхер бакъвара бго ва ихдал гIурччинхер баккизегIан хIинкъи букIуна рохьазда цIа ккеялдаса. ЦIа ккеялъе гIиллаги букIуна хIалтIаби гьарулаго инсанас цIа ккеялдаса цIуни гьабичIони, ургьел гьечIого хуриб, магъилъ хутIараб чороклъи бухIизе цIа бакани. Гьединго гIухьбуз мегIер гIалах бацIцIалъизе цIа бакани. Киб бакарабги цIа, хадуб хал кквечIони, чара гьечIого ахиралда рохьобе щола.**

Исана гIазу гьечIеб ракъдалаб хасалихълъи букIиналъ цо чанго нухалъ рохь бухIарал хIужаби ккана Гъуниб лесничествоялъ цIуниялъе хъулухъ гьабулел рохьазда ва рохьил рагIаллъабазда.

Рохьазда ва гьелъул рагIаллъабазда, хурзабахъ гIемераб букIуна цIа рекIине xl инкъи бугеб чороклъи - бакьвараб хер, гIодобе гъвараб гIаркьел, гIаздаца гьороца бекараб гъветI.

Гьедин 2014 соналъул байбихъуда январь - февраль моцIаз микьго нухалъ рохьоб цIа ккана ЧIарада районалда Кьорихъ, Мугъроб, Кьосрода, Улъухъ, Кьорош, Гъунух БецIгIурухъ, Дусрахъ росабазул ракьалда. Лъабго нухалъ рохьоб цIа ккана Унсоколо районалъул Мокьсохъ ва Балахьуни магIарда. Гьединго цIа ккана март моцIалъ Хьаргаби районалъул Дарада ва Адхвалтиша магIарда.

ЦIаял ракун мегIер бухIизе бокьула магIарул районазда. Рохьоб цIа рекIуна магIарухъ, кидаго инсанасул гIайибалдалъун, хасго лъималазул. ЦIа рекIани гьелъ кIудияб балагь гьабула гъветIхералъе, гIалхул хIайваназе, хIутI - хъумуралъе. Рохь лъугьуна жанире лъугьине рес гьечIеб хIалалъ лахIуца.



Гьеб свинабулаго нилъеда кигIан захIмат бихьулеб гьенив хIалтIарасда гурони лъаларо. ЦIа свинаби ккола цIакъ къо бихьулеб, захIматаб хIалтIи. ЦIадуца бухIараб хlутIхъумуралъул, гIалхъул хIайваназул хIакъ лъица хIехьелеб ва гьеб хадуб сунда бащалъилеб.

Гьединлъидал авлахъалда хIалтIаби гьарулаго шивав чияс цIунизе ккола **«Рохьал цIа ккеялдаса цIуниялъул Правилаби». (Правила по жарной безопасности в лесах РФ)**

Гьел Правилабазда рекъон рохьазда ва рохьоб цIа ккеялдаса хIинкъи бугеб бакIалда ва хIинкъи бугеб заманаялъ, ихдал гIазу баралдаса хасало гIазу гIодоб чIезегIан гьукъула: - цIа бакизе, цIа рекIараб хъалиян ва спичка гIодобе реххизе, гьелъие букIине кколеб бакI хIадур гьабичIого. ТIабигIаталда цIа бакулеб бакIалда букIине ккола сверун 0,5 м гIеблъиялда ракьги баккизе гьабун бухъараб гвенд. Хъалиян ва спичка гIодобе реххизе ккола цIаги свине гьабун. Чанахъабаз хIалтIизаризе бегьуларо патроназул кIалтIаби цIезе (пыжи) туманкI речIчIулаго цIа рекIунеб къай ва цIа рекIунел гулби.

**Гьединго цIа ккезе хIинкьи бугеб заманаялъ гьукъула рохьазда сверун ругел ракьазда бакъвараб хер, кьишни – чороклън бухIизе. Рохьазда бегьуларо кьишни бухIулел гвендал гьаризе. Рохьазда хIалтIи гьабулезухъ кодоб букIине ккола чIезабураб къадаралъ цIа свинабулеб алат.**

Щивав чияс свинабизе ккола жиндир гIайибалдалъун ккараб цIа. Рохьобе цIа унеб бугони лъазабизе ккола тIоцебе рохь цIунулел хIалтIухъабазда, лесничествоялда, росдал ва районалъул администрациялда, полициялда. Рохьоб ккараб цIа бихьарабго, ва рохьобе ине xl инкъи бугеб бакIалда цIа бихьани, шивав чи ине ккола гьеб свинабизе.

*Ахир 4 аб. гьумералда*

***❁ НигIмат нилъер столалда***

# Лавралъул тIамах

**Лавралъул тIамах - гьеб буго инсанас кванилъ, парфюмериялда, медициналда гIатIид хIалтIизабулеб нигIмат. Цере соназ къватIире риччарал некIсиял кулинариял тIухьдузда гьеб нигIматалъе цIар кьун буго «Хасаб нигIматалъул хер», - абун.**



ХIал бихьи бугел богогьабазги,нилъер рокьор квен гьабулел руччабазги, гьеб нигIмат рокьоса камун толаро. Цо чанго гьелъул тамах рехани гIола борщ, плов, картошка, гьан, ччугIа, овощал хасаб тIагIамалъул лъугьине.

Лавралъул тIамахалъулъ гIемер руго инсанасе сахлъиялъе хIажалъулел витаминал, эфиралъул нахал. Халкъияб медициналда гьелъул отварал гьекъезе лъикIаб бугилан хъвалеб буго, гьелъ инсанасул черхалъе сабурлъи, гIодор риччай бачIинабулилан, лъикIаб макъу щвезе кумек гьабулилан.

МегIербиччи, хьехIи щвей инабизе гьелъ квербакъула. ХIатIазда гIетI балез, зама-заманаздаса хIатIал лавралъул лъамалъиялде риччани гьелъ гIетIул махI букIин лъугIизабула.

Нилъер цересел умумуз гьелъул отвар кьолаан остеохондроз, падагра, ревмотизм унтаби ругезе.

Косметикаялда гьелъ гьумералдаса тIинхьал ракки, аллергия, къаркъалаялда тIаде жо бай, воспалениял инаризе квербакъула. Гьелъул отвар гьумералда бахани, гьурмал кьер берцинлъула. Гьумералъул тIом нахуллъи цIикIкIараб бугони, гьелъул лъамалъи морозильникалдаги лъун, цIорол кесек лъулъай гьумералда. БетIерги чурун, гьелъул лъамалъиялъ ботIрол расал хулани, рас гвангъула. Гуржиязул ясаз гьедин гьабиялъ, гьезул расал гIажаибго буччараб, ризаб букIунин хъвалеб буго специалистаз.

ЛъикIал рахъазул рехсолаго, лъазе ккола гьеб цIикIкIун хIалтIизабиялъ инсанасе заралги кьезе бегьулеблъи, запорал ккей бачIинабула. Лъимаде йигей гIаданалъе, гIисинал лъималазе чехь-бакь лъикI хIалтIуларезе, лавралде аллергия бугезе гьелъ зарал сахлъиялъе кьезе бегьула.

**Интернеталдаса босараб.**

# НАЗМУ

***Жакьа нижеца газеталда бахъулеб буго Дагъистаналъул машгьурав шагIир, Гумбет районалъул Инхо росулъа гIакъил, жиндир мунагьал чураяв ГIалихIажияс гIараб алфавиталъул щибаб хIарпалъул магIна босун гьабураб назму.***

**Алиф** – Угьун хIухьел биччан ХIабиб рехсани, къиямасеб къоялъ мунго вохила.
**Ба** – Бадиса МагIу тIун хIел-хIел гьабуни, ХIалимав Аллагьас мунагь чурила.
**Та** – Тавбуялда чIезе тавпикъ кьегиян радал – бакъанида гIемераб гьаре.
**Са** – Сардилъ тIаде вахъун тIагIат гьабуни, МахIшаралда хIисаб бигьа гьабила.
**Джим** – Жанив чи толареб тушман дуниял, сордо - къо ун бачIун къокъунеб буго.
**ХIа** – ХIилладае чIараб тушман илбисалъ кинго толев гьечIо лъикIлъи гьабизе.
**Ха** – Холел гIадамазул хIисаб гьабидал, хIакълъун лъана дида ирга щвараблъи.
**Дал** – Дудаго тIад ругел ургъелабазул ургъел гьабе, гьарим, мунго хвечIого.
**Зал** – Замана къокълъана, гIумру дагьлъана, гьанжени мех щвана нилъ къачIадизе.
**Ра** – РикIкIун кьурал къоял тIагIун инчIого, тIагIат гьабиялде кин вуссунарев?
**За** – Зигардилеб буго нусабгоги сан, сапаралъ къокъине къо щун бугилан.
**Син** – Сардилъ дунго хутIун хиял гьабидал, хабал хIисаб гьабун ракI къварилъана.
**Шин** – Щивав инсанасда Бичас тIад лъураб, дуеги бугебин доб хвалил ургъел.
**Свад** – Сабру кин гьабилеб бецIаб хобалъуб, Мункар - Накир вачIун кIал гьикъулаго?
**Звад** – Зобалги ракьалги рижарав Аллагь, бигьа гьабе нижей рухI босулаго!
**ТIа** – ТIехьалда рекъараб тIагIат гьабизе, кинго толев гьечIо тушман илбисалъ.
**За** – Залимасул гIадаб гIамалги гьабун, кинан дур хьул лъолеб доб Алжаналде.
**ГIайн** – ГIалимзаби рихун, шаригIат кIочон, кинан мун гьардолев дов ХIабибасда
**Гъайн** – ГIибат – бугьтан рихун тавбу гьабизе, тавпикъ кьейгийилан гIемераб гьаре.
**Фа** – Панаяб дуниял гIуцIулевги чIун, ахираталъул рукъ мукъсан гьабуге.
**Къаф** – Къукъа - къукъа гьабун цере къотIидал, захIмалъила дуе мунагьазул гьир.
**Каф** – Кинавго чиясда Бичас тIад лъураб, дуеги бугебин хвелалъул мехтел.
**ЛАМ** – Лагаги сурараб, бохдулги гьечIеб, ахир мун рекIинев цIулал молода.
**Мим** – Мун рещтIине вугеб бецIаб хобалъул, хиял гьабе гьарим чIаго вукIаго.
**Нун** – Нижер дуда бугеб гьари цо, Аллагь, мун разияб щинаб гIамал кьейилан
**Вав** – Воре рехун тоге жамагIатгун как, щвелебин шапагIат Аварагасул.
**Гьа** – Гьанжениги вусса мун Аллагьасде, инабуге гIумру, пайда гьечIого.
**Ла** – «Лаиллагь илаллагь» гIемер абуни, къиямасеб къоялъ мунго вохила.
**Я** – Я ррабби БетIергьан, гьаре дуца ниж дуде бугеб гIищкъу рекIелъ бугеллъун.

# РОХЬАЗУЛ ЦIАЯЛ ВА ЗАКОН

*Байбихьи 3 аб. гьумералда*

Гьединго хIукуматалъ чIезабун буго цIа свинабизе кколеб къагIида. Гьелда рекъон цIа рохьазда ккани свинабизе тIад къан буго росабазул муниципалиял гIуцIабазул администрациябазда. Гьез тадбирал гьаризе ккола гIадамал, хIалтIуе алат ва къваригIараб техника балагьизе ва цIа свинабизе.

ЦIа свинабизе нухмалъи гьабизе тIад къан буго районалъул администрациялда ва Лесничествоялда.

Районалда шибаб соналъ къабул гьабула рохьал цIа ккеялдаса цIунизе, ялъуни цIа рекIани свинабизе хIукму. Гьеб хIукмуялда рекъон рохьал, щибаб росабазул администрациябазда хадур рухьинарун руго цIа ккеялдаса цIунизе ва цIа рекIани свинабизе. Гьединго чIезабун буго щибаб росдаца цIа свинабизе рачIунаго цадахъ босизе кколеб кверзул алаталъул къадар. Щибаб росулъ гIуцIизе ккола цIа свинабизе команда.

Амма гьеб хIукму букIине кколеб хIалалъ тIубазабулеб гьечIо росабазул МО – язул бутIруца. ЦIа рохьобе бачIинегIан балагьун чIолел руго. ЦIа свинабулел командаби къваригIел ккараб мехалъ кагътида тIад гурони ратулел гьечIо. ЦIа свинабулел командабазул списокал Лесничествоялде киналго щун гьечIо, гьелъие бихьизабун букIана 2014 абилеб соналъул 20 абилеб февраль.

ГIадамазул бугеб ургъел гьечIеб тIасамасагояб бербалагьиялъ рохьазе гьабулеб зарал цIикIкIунеб буго. Гьединлъидал Рохьил ва административияв правонарушениябазул кодексазда 2014 абилеб соналъ гьарун руго тамихI цIикIкIине гьабулел тIаде жураял.

Рохьил кодексалъул 53 бутIаялде (Пожарная безопасность в лесах) мухIкан гьабун тIаде журан руго 53.1 даса 53.8 ядде швезегIан бутIаби ва льица щиб гьабизе кколеб хIалтIиги бикьун буго.

**ТIабигIат цIадул балагьалдаса цIуни ккола шивав чиясул жиндирго гIумру цIуни. Инсан жив вижараб къоялдаса нахъе щибаб къоялъ тIабигIатгун цадахъ гIумру гьабулев вукIуна. ТIабигIат унтани инсанги сахго хутIуларо. Рохьги ккола тIабигIаталъул аслияб бутIа. Гьединлъидал шивав чияс тIабигIат, рохьал, лъимал, гьава кидаго цIунизе ккола ва гьеб инсанасда кидаго тIад буге налъи ккола.**

ГIалимзабаз бицунеб буго басрияб хер бухIани, харил кьибил нахъбуссун букIараб хIалалде ккезегIан цIилъизе 7-8 сон балилан. Гьедилъидал хер бухIани мегIерги унтула ва 7-8 сон бала мегIер, гIалах цIилъизе. Рохь бухIани цIилъизе бала 70-100 сон. Рохьоб ва рохьил рагIалда цIа бакизе спичка кодобе босараб заманаялъ инсан ургъизе ккола хадуб ккезе бегьулеб заралалде.

**ГЬАРУЛА районалъул жамагIаталда, щивав чиясда ургъел гьабичIого течIого тIабигIат ва рохьал цIуне, хасго цIуне цIа ккеялдаса.**

**И. ИСМАГIИЛОВ**
**ГКУ «Гъуниб лесничество»**


**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIияял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*


**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**


**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 15 октября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00